

Gid pou paran ak jèn elèv k ap viv nan yon lojman pou yon ti bout tan Students in Temporary Housing (STH)

SIJÈ	ENFÒMASYON ENPÒTAN
<p>Yo konsidere timoun k ap viv nan sitiyoasyon sa yo kòm sanzabri nan objektif dwa pou edikasyon dapre Lwa McKinney-Vento:</p>	<ul style="list-style-type: none"> Nan yon shelter, shelter pou fè tranzisyon, motèl, sou yon teren camping, abandone nan yon lopital, oswa k ap tann yo plase l nan yon fwaye adopsyon foster care. Nan yon machin, pak, plas piblik, otobis, tren, oswa nan bilding abandone. Ki abite ka zanmi oswa fanmi poutèt li pa ka jwenn yon kay, oswa paske li pa gen lajan pou peye pou yon kay.
<p>Jèn k ap viv poukont yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> Jèn ki pa gen kontwòl fizik yon paran oswa yon gadyen, epi ki satisfè fason yo defini mo sanzabri pi wo a. <p><i>Jèn sanzabri k ap viv poukont yo gen menm dwa avèk jèn sanzabri k ap viv avèk yon paran oswa yon gadyen.</i></p>
<p>Elèv ki tonbe anba definisyon sanzabri dapre Lwa McKinney-Vento a gen dwa sa yo:</p>	<ul style="list-style-type: none"> Edikasyon leta gratis. Enskripsyon imedyat nan lekòl ki nan zòn sektè yo. Ale lekòl kèlkeswa kantite tan y ap viv nan adrès yo ye kounye a. Rete nan lekòl yo te ye a (lekòl yo te ye avan yo vin sanzabri oswa dènye lekòl yo te konn ale a) oswa deside ale nan nouvo lekòl ki nan zòn sektè yo fèk abite a. Sèvis transpò pou alevini ant lakay yo ak lekòl la. Pou yo pa refize admèt yo lekòl imedyatman jis poutèt sitiyoasyon yo oswa poutèt yo pa gen dokiman yo mande pou enskripsyon. Pou yo pa izole yo ak pwogram regilye lekòl la poutèt yo sanzabri. Pou yo jwenn manje lekòl gratis.
<p>Enfòmasyon enpòtan:</p>	<ul style="list-style-type: none"> Biwo lekòl ak fòmasyon jèn gen omwen yon espesyalis nan domèn pwoblèm elèv STH nan chak Borough ki sèvi kòm lyezon STH, epi ki jere pwogram ak sèvis ki fèt pou ede timoun sanzabri kontinye edikasyon yo. Espesyalis STH la sipèvize yon ekip Asistan pou fanmi. Chak Rezo timoun dabò Children First Network (CFN) gen yon lyezon STH patikilye ki disponib pou ede timoun sanzabri onivo bezwen edikasyon yo epi ba lekòl ki nan rezo a sipò. Anplis, Distri 75 ak Distri 79 genyen chak yon lyezon STH patikilye ki disponib pou ede timoun sanzabri onivo bezwen edikatif yo. Gen asistan pou fanmi nan shelter ak nan kèk lekòl. Yo gen responsablite ede paran sanzabri ak pitit yo onivo bezwen edikatif yo. Asistan pou fanmi yo disponib pou ede paran/gadyen timoun avèk enskripsyon lekòl, jwenn vaksinasyon, jwenn dosye lekòl, epi fè aranjman pou mwayen transpò alevini ant lakay ak lekòl. Estaf lekòl la pa dwe ezite kontakte lyezon STH yo a pou poze kesyon patikilye, pou fè aranjman pou trening, oswa pou ede jèn k ap viv nan kay san adilt.
<p>Chwa lekòl:</p>	<p>Lekòl yo dwe pèmèt paran/gadyen chwazi lekòl pou pitit yo lè pitit yo sanzabri. Paran /gadyen an ka chwazi pami lekòl sa yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> Lekòl timoun lan te ale lè l te gen yon kay fiks (lekòl li te ye avan an); Dènye lekòl elèv la te ye a; oswa Tout lekòl ki disponib pou yon timoun ki gen yon kay fiks ki nan zòn kote elèv sanzabri a abite pou kounye a.
<p>Enskripsyon lekòl: Se si sèlman pitit ou a pa enskri nan yon lekòl oswa ou vle chanje l lekòl.)</p>	<ul style="list-style-type: none"> Lekòl primè - enskri pitit ou nan lekòl ki nan zòn sektè w abite a. Si w abite nan yon shelter DHS nan moman an, asistan pou fanmi nan shelter ou abite a ap ka ede w, si w bezwen. Si pa gen yon asistan pou fanmi nan shelter w la, oswa si w pa abite nan yon shelter, tanpri kontakte lyezon STH w la pou ede w. Lekòl presegondè - menm pwosedi ak lekòl primè eksepte lè distri ou abite a pa gen lekòl presegondè pou sektè ou abite a, donk ou dwe ale nan Sant Enskripsyon Borough a. Pou w jwenn adrès Sant Enskripsyon Borough yo, tanpri telefone 311. Lekòl segondè - Tout elèv lekòl segondè dwe enskri nan Sant Enskripsyon Borough yo. Pou w jwenn adrès Sant Enskripsyon Borough ki pi pre avèk kay ou, tanpri telefone 311.
<p>Pwoblèm onivo enskripsyon:</p>	<ul style="list-style-type: none"> Si gen yon pwoblèm ki rive nan chwa lekòl oswa enskripsyon, yo dwe admèt pitit ou tousuit nan lekòl w ap chèche enskri l la, annatandan yo fin rezoud pwoblèm lan. Lekòl la dwe bay paran /gadyen an eksplikasyon alekri sou desizyon yo pran sou pwoblèm lan, paegzanp dwa pou l ale ann apèl, epi refere l ba Asistan pou fanmi oswa lyezon STH la pou ede l.
<p>Mwayen transpò :</p>	<ul style="list-style-type: none"> Elèv yo ki koresponn ak fason Lwa McKinney-Vento a defini sanzabri, gen dwa pou mwayen transpò alevini ant lakay yo ak lekòl, si l nesèsè. Si gen otobis ki disponib, y ap ofri elèv ki nan klas Matènèl jiska klas 6yèm ane transpò nan otobis, si pa gen ki disponib, y ap elijib pou Metro Card elèv. Pou elèv nan klas Prematènèl jiska klas 6yèm ane ki kalifye pou mwayen transpò, epi ki resevwa yon MetroCard elèv, paran yo/gadyen yo elijib pou mwayen transpò piblik (MetroCard) pou akonpaye pitit yo. Elèv nan klas 7yèm ane jiska klas 12yèm ane elijib pou MetroCard elèv.

Pou plis enfòmasyon tanpri kontakte Pwogram STH Borough a oswa Children First Network pou pale avèk yon lyezon STH oswa rele 311.